

La Bib pou ti moun prézanté

Orevwa (adye) Farawon !



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Janie Forest
Alastair Paterson

Adapté pa : Lyn Doerksen

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org


©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopie istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.




Farawon te fache ! Bondye te
ba li lòd pa mwayen Moyiz pou l
kite esklav Izrayelit yo kite
peyi Lejip. Li te refize.
Farawon te bay mèt esklav
yo lòd pou yo te travay pi
rèd toujou. Kounye a,
bagay yo te vin pi mal
pou Izrayelit yo.

"Ranmase pwòp pay nou. Nou p ap ba nou plis. Men fè menm kantite blòk la." Se te nouvo lòd Farawon.



3


Sipèvizè yo te bat esklav ki pa te kapab ranmase pay la epi fè ase brik yo.



4


Pèp la te akize Moyiz ak Arawon pou tout pwoblèm sa yo. Moyiz te retire kò li pou l ale priye. "O Senyè," li te kriye, "Ou pa sove pèp la ditou."

Bondye te reponn, "Mwen se Letènèl, kidonk m ap fè nou soti kite peyi Lejip."




5

Se konsa, Bondye te voye Moyiz ak Arawon ankò kote Farawon. Lè Farawon te mande sèvitè Bondye yo yon siy, baton Arawon an te tounen yon sèpan.



6

Farawon te rele byen fò : "Rele majisyen mwen yo." Lè yo te rive, yo te depoze baton yo, ki te tounen koulèv tou. Men, baton Arawon an te vale lòt koulèv yo. Men, Farawon te refize kite pèp la ale.




7

Nan denmen maten, Moyiz ak Arawon te rankontre ak Farawon bò flèv la. Lè Arawon te leve baton li an, Bondye fè dlo a tounen san. Pwason yo te mouri ! Pèp la pa te kapab bwè l ankò !




8

Men, farawon te fè kè li vin pi di. Li pa te vle Izrayelit yo kite peyi Lejip.




9

Moyiz te mande Farawon ankò pou li kite pèp Bondye a ale. Farawon te refize ankò. Bondye te voye yon lòt flewo : tout peyi Lejip te anvayi ak krapo. Chak kay, chak chanm, tout bagay te kouvri ak krapo !



10

"Pale pou mwen, pou Bondye retire krapo yo," Farawon te mande. "Lè sa a, m ap kite pèp ou a ale." Men, lè krapo yo te disparèt, Farawon te chanje lide. Li pa te libere esklav yo.




11

Bondye te voye plizyè milya pou. Chak moun, tout bèt yo te kouvri ak pou, men Farawon te refize koute.




12

Aprè sa, Bondye te voye anpil ensèk. Bondye te voye maladi sou bèt Ejipsyen yo. Bondye te voye maleng ki te fè yo mal anpil, epi pèp la te souffri anpil. Men, Farawon te kontinye ap kenbe tèt ak Bondye.




13

Bondye te fè lagrèl tonbe sou tout peyi Lejip, epi apre sa, li te voye krikèt ki te devore rekòt peyi a.




14



Aprè sa, Bondye te voye twa jou fènwa byen pwès. Men, Farawon, ki te gen tèt di, te toujou pa vle libere Izrayelit yo.

15

"M ap voye yon dènye flewo," Bondye te di. "Kou li fè minwi, tout premye pitit moun yo ak bèt yo pral mouri." Bondye te di Izrayelit yo pitit yo t ap sove si yo te wouze lento pòt yo ak san yon ti mouton.



16




Nan minwi, yon gwo rèl te pete nan peyi Lejip. Lanmò te frape. Pou pi piti yon moun te mouri nan chak kay.

17



"Pati", Farawon te mande Moyiz. "Ale, sèvi Letènèl." Pèp Bondye a te pati byen vit ale nan direksyon fwontyè peyi Lejip la.

18




Bondye te mande Moyiz pou li sonje nuit Pak la, lè Zanj Bondye a te pase sou kay pèp Izrayèl la epi li te frape Farawon ak pèp li a.

19



Aprè 430 lane nan peyi Lejip, pèp Bondye a te lib kounye a. Bondye te gide yo lajounen ak yon kolonn nyaj epi lannuit ak yon kolonn dife.

20



Men, Farawon pa te abandone Izrayelit yo. Yon lòt fwa ankò li te bliye Bondye, yon lòt fwa ankò li te chanje lide. Li te rasanble lame li a epi li te pousuiv esklav yo. Apre yon ti tan li te jwenn yo nan mitan dezè a ak lanmè a.

21

"Letènèl ap goumen pou nou," Moyiz te di. Apre sa, li ale bò lanmè a epi li lonje bra l.

22



Se te yon gwo mirak. Bondye te louvri yon pasaj nan dlo a. Pèp la te travèse san danje.

23

Lè sa a, lame Farawon an te galope rantre nan Lanmè Wouj la. "Nou pral pran yo," sòlda yo te panse. Men, Bondye te fèmen pasaj la, epi Lanmè a te vale lame Ejip la. Kounye a, Farawon te konnen, Bondye Izrayèl la se te Letènèl ki genyen tout pouvwa a.



24

Orevwa (adye) Farawon !


Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Egzòd 4-15

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130

25



11

60

26

Istwa bibliik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé
ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou
péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl
gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé
dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan
syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout
kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan
lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri
pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné
péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè
gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité.
Edé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16